# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मिर्जापुर में सात सौ पैंसठ करोड़ रूपिया क एक सौ सत्ताइस विकास परियोजनन क लोकारपण अउर नेइ धइलें। येह मौका पर उहां के स्वामी विवेकानंद युवा ससक्तीकरण योजना की ओरि से युवा लोगिन के स्मार्ट फोन अउर टैबलेट बंटलीं। सथहीं, मत्स्य आहार प्लांट क स्थापना बदे पहिली किस्ति के रूप में करीब चारि करोड़ क चेको दिहलीं। मुख्यमंत्री कई गो योजनन क लाभार्थियन के सम्मानित करत विद्या शक्ति पोर्टलो क बटन दबा के सुरूआति कइलें। समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि दस बरिस में बदलि रहल भारत, साढ़े सात बरिस में उत्तर प्रदेस अउर मिर्जापुर के सभे देखले होई। उहां के कहलीं कि अब एइजा माई विन्ध्यवासिनी क पावन धाम दिव्य–भव्य रूप ले चुकल हौ। मिर्जापुर में मेडिकल कॉलेज हौ अउर एइजा माई विन्ध्यवासिनी के नांव पर विश्वविद्यालय बने जा रहल हौ। येह मौका पर प्रदेस सरकार क मंत्री अनिल राजभर, आशीष पटेल, रवींद्र जायसवाल, रामकेश निषाद, भदोही सांसद डॉ. विनोद कुमार बिंद के साथे कई गो जनप्रतिनिधि मौजूद रहलें। मिर्जापुर दौरा पर मुख्यमंत्री माइ विन्ध्यवासिनी क दरसन–पूजन अउर विन्ध्य कॉरिडोर क निरीक्षणो कइलें।

**********

सुल्तानपुर में एगो गहना क दोकानि में पछिला दिन्ने भइल डकइती क मामिला में बांछित अभियुक्त अनुज सिंह क उत्तर प्रदेस पुलिस क एसटीएफ के साथे भइल मुठभेड़ में मउति हो गइल। ई मुठभेड़ आजु तड़के उन्नाव के अचलगंज थान्हा इलाका में भइल, जेहमें एगो बदमास भागि गइल जबकि एसटीएफ क जबाबी कार्रवाई में घाही अनुज सिंह के सरकारी अस्पताल भेजल गइल जहवां डॉक्टर ओके मृत घोसित कइ दिहलें। सुल्तानपुर डकइती कांड में एक बदमास पहिलहीं पुलिस मुठभेड़ में मारल जा चुकल हौ।

**********

कुशीनगर जिला क पुलिस जाली नोटि क कारोबार से जुड़ल गिरोह क खुलासा कइ के दस अभियुक्तन के गिरफ्तार कइले हौ। पुलिस अधीक्षक संतोष मिश्रा बतवलें कि अभियुक्तन के लग्गे से पांच लाख बासठ हजार क जाली नोटि, एक लाख दस हजार नकद अउर नेपाली नोटि बरामद कइल गइल हौ। उनके कबजा से दस तमंचा अउर बड़हन संख्या में कारतूस, सुतरी देसी बमो बरामद कइल गइल हौ।

**********

महराजगंज जिला में नगर क्षेत्र क समुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र पर आजु सिविर लगा के साठि बरिस से बेसी उमिरि क मरीजन क निःसुल्क जांचि कइल गइल सथहीं निःसुल्क दवइयो बांटल गइल। सिविर क उद्घाटन केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी कइलें। येह मौका पर केन्द्रीय मंत्री मौजूद लोगिन के केन्द्र अउर राज्य सरकार की ओरि से स्वास्थ्य के क्षेत्र में चलावल जा रहल योजनन क जनकारी दिहलें।

**********

आयुष्मान भारत योजना क आजु छौ बरिस पूरा हो गइल हौ। अजुये के दिन्ने बरिस दुइ हजार अठारह में झारखण्ड क राजधानी रांची से प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह योजना क सुरूआति कइले रहलें। येह योजना में उत्तर प्रदेस में चारि करोड़ तिरासी लाख से बेसी लोगिन क आयुष्मान कार्ड बनावल जा चुकल हौ। प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक येह मौका पर सेवा पखवाड़ा मनावे क घोसणा कइले हवें। उहां के कहलीं कि येह बिच्चे सज्जो विधानसभा क्षेत्र क प्राथमिक चाहे सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्रन पर निःसुल्क स्वास्थ्य सिविर क आयोजन कइल जाई।

**********

उत्तर प्रदेश इंटरनेशनल ट्रेड शो के दूसरे संस्करण क आयोजन पचीस से ओन्तीस सितम्बर ले इण्डिया एक्सपो सेंटर एण्ड मॉर्ट ग्रेटर नोएडा में कइल जाई। येह बारे में प्रदेस क कौशल विकास अउर उद्यमसीलता मंत्री कपिलदेव अग्रवाल आजु बतवलें कि ट्रेड शो में नौ बिसिस्ट कौशल क सजीव परदरसन कइल जाई। येह आयोजन के जरिये देस अउर दुनिया क आगंतुक अउर ब्यौपारी उत्तर प्रदेस के हुनर अउर उद्यम के करीब से देखि पइहें।

**********

बनारस के महात्मा गांधी काशी विद्यापीठ क छियालीसवां दीक्षांत समारोह पचीस सितम्बर के आयोजित होई। कुलपति आनंद कुमार त्यागी बतवलें कि दीक्षांत समारोह में दुइ गो उत्कृष्ट खेलाड़ियन के सथहीं अठारह विद्यार्थियन के स्वर्ण पदक अउर संतानबे हजार तीनि सौ पचास विद्यार्थियन के उपाधि दीहल जाई। दीक्षांत समारोह क अध्यक्षता राज्यपाल अउर कुलाधिपति आनंदीबेन पटेल करिहें जबकि मुख्य अतिथि के रूप में पावर ग्रिड कार्पोरेशन ऑफ इण्डिया क चेयरमैन अउर प्रबंध निदेसक आर.के. त्यागी मौजूद रहिहें।

**********

कुशीनगर जिला में नवीन उद्यान रोपण कार्यक्रम की ओरि से आम, अमरूद अउर लीची क बागवानी करे वाले किसानन के उद्यान विभाग की ओरि से बागवानी खरच क पचास फीसदी क अनुदान दीहल जाई। जिला उ़द्यान अधिकारी कृष्ण कुमार बतवलें कि कुशीनगर में दुइ सौ सतहत्तर किसान बागवानी बदे पंजीकरण करवले हवें। उहां के बतवलीं कि एक किसान एक बिगहा से चारि हेक्टेयर ले बाग लगा के योजना क लाभ ले सके ला।

**********

जौनपुर जिला में बदलापुर थान्हा क्षेत्र क मिरसादपुर गांव क फोरलेन हाइवे के फ्लाइओवर पर आजु सबेरे तेज रफ्तार कार क चपेटा में अइले से पैदल जा रहल दुइ नौजवानन क ओहिजुकवें मउति हो गइल। दुन्नो मिरसादपुर गांव क रहे वाला रहलें अउर मजूरी करत रहलें।

**********